

# AKÈY POU ELÈV AK FANMI SAN PAPYE NAN KINDÈGADENN RIVE NAN 12YÈM ANE

Lalwa garanti dwa elèv ak fanmi san papye pou yo jwenn aksè nan edikasyon piblik soti nan kindègadenn rive nan 12zyèm ane, kèlkesaw sityasyon yo sou plan imigrasyon (Plyler kont Doe 1982 Pwosè Lakou Siprèm)

## KONESANS SE POUVWA

- ➔ **Lekòl pa ka mande prèv sitwayènte** (pa egzanp, nimewo sekirite sosyal, sètifika nesans Etazini bay) nan moman pwosesis enskripsyon (Plyler kont Doe)
- ➔ **Pèsonèl lekòl pa kapab chache enfòmasyon** sou sityasyon elèv oswa fanmi sou plan imigrasyon (Plyler kont Doe)
- ➔ **Si fanmi yo pataje enfòmasyon sou sityasyon yo sou plan imigrasyon yo menm**, pèsonèl lekòl la dwe kenbe enfòmasyon sa yo konfidansyèl (FERPA)
- ➔ **Lekòl yo dwe adopte yon politik sou Idantite** ki pèmèt fanmi yo montre divès kalite pyès idantite lè y ap antre nan lekòl pitit yo
- ➔ **Lekòl, legliz ak lopital** fè pati lis espas sansib kote li rekòmande pou Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) Etazini pa entèvni (Memo DHS sou Espas Sansib)
- ➔ **Si Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn entèvni**, ajan ICE yo pa kapab antre nan yon lekòl oswa jwenn aksè nan dosye lekòl la san yon manda lajistis (Memo DHS sou Espas Sansib)
- ➔ **Elèv san papye ka ale nan kolèj**. Anpil Eta gen lwa ki pèmèt elèv san papye peye frè lekòl epi jwenn èd lajan Eta a. Inivèsite prive, bous ak lòt pwogram etid siperyè disponib tou
- ➔ **Elèv ak fanmi san papye** ki elijib yo dwe kontinye itilize tout èd ak avantaj nan lekòl tankou frè oswa lench pou pri redui ak pwogram aprè lekòl
- ➔ **Elèv ak fanmi san papye gen POUVWA** ak dwa pou yo defann pwòp koz yo kòm paran, elèv oswa manm fanmi kèlkeswa sityasyon yo sou plan imigrasyon



## RESOUS

→ **Èd Jiridik nan Zafè Imigrasyon:**

- [immigrantjustice.org](http://immigrantjustice.org)
- [immigrationadvocates.org](http://immigrationadvocates.org)
- [immi.org](http://immi.org)

→ **Konnen Dwa ou Genyen Deyò Lekòl la:**

- [www.aclu.org/issues/immi-grants-rights](http://www.aclu.org/issues/immi-grants-rights)
- Sant Resous Jiridik pou Imigrasyon

→ **Lwa sou dwa nan lekòl:**

- Plyer kont Doe
- Lwa sou Konfidansyalite Fanmi ak Dwa pou Jwenn Edikasyon (Family Education Rights and Privacy Act, FERPA)
- Memo Depatman Sekirite Nasyonal Etazini (Department of Homeland Security, DHS) sou Espas Sansib

→ **Èd Sante Mantal:**

- [immigrantsrising.org/mental-health-connector](http://immigrantsrising.org/mental-health-connector)
- [unitedwedream.org/2017/10/mental-health-toolkit](http://unitedwedream.org/2017/10/mental-health-toolkit)

→ **Resous konsènan Aksè nan Kolèj:**

- [ImmigrantsRising.org](http://ImmigrantsRising.org)
- [MyUndocumentedLife.com](http://MyUndocumentedLife.com)
- Dreamer's Road Map App

→ **Bous/Resous pou Elèv san Papye:**

- The Dream U.S.
- Golden Door Scholars
- Posse Program
- Questbridge Program

→ **Resous Lokal:**

• **Rezo Entèvansyon Rapid:**

-----  
-----  
-----

• **Èd Imigrasyon Lokal:**

-----  
-----  
-----